ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЕРДЦЕ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№149 (23.963) ● 2019 гъэм дыгъэгъаз3м (декабрым) и 14, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Тарифхэмрэ псэупІэ Іэнатіэм кІэлъыплъыныжьмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Тарифхэмрэ псэупІэ Іэнатіэм кІэлъыплъыныжьмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым и къалэнхэр игъэзащІэну гъэувын **Мэкъуашэ Алим Аждэрий и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм дыгъэгъаз3м и 12-м
№124-УГ

Зыгъэпсэхугъуэ махуэр гъэІэпхъуэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Лэжьакіуэхэм зыгъэпсэхугъуэ махуэхэмрэ щымылажьэ махуэшхуэхэмрэ нэхъ тэмэму къагъэсэбэпын мурадкІэ **унафэ сощІ**:

1. 2019 гъэм и дыгъэгъаз3м и 28 щэбэт зыгъэпсэхугъуэ махуэр 2019 гъэм и дыгъэгъаз3м и 31 гъубж махуэм гъэІэпхъуэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъуэхэр зыІыгъхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал гражданхэр къулыкъущІэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал органхэм я нэгъуэщІ лэжьакІуэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал органхэм я унафэм щІэт Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэм папщІэ.

2. ЩІыпІэ самоуправленэмкІэ органхэм чэнджащ етын 2019 гъэм и дыгъэгъаз3м и 28 щэбэт зыгъэпсэхугъуэ махуэр 2019 гъэм и дыгъэгъаз3м и 31 гъубж махуэм ягъэІэпхъуэну муниципальнэ къулыкъу зыІыгъхэм, щІыпІэ самоуправленэмкІэ органхэм я нэгъуэщІ лэжьакІуэхэм, щІыпІэ самоуправленэмкІэ органхэм я унафэм щІэт Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэм папщІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм дыгъэгъаз3м и 13-м
№125-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и журналист» цІэ лъапІэр Ныр І. Хь. фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІам папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и журналист» цІэ лъапІэр фІэщын **Ныр Іэуес Хьэбыж и къуэм** - «Баксанский вестник» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм дыгъэгъаз3м и 13-м
№126-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и уэхуакІуэ» цІэ лъапІэр Ризаев С. М. фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Уху3ныгъэ Іэнатіэм илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрыщылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и уэхуакІуэ» цІэ лъапІэр **Ризаев Сэлэдин Магомед и къуэм** фІэщын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм дыгъэгъаз3м и 13-м
№127-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэш Іэнатіэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр Быф С. А. фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Мэкъумэш Іэнатіэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІам икІи илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэш Іэнатіэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщын **Быф Сеф Амдул и къуэм** - зи жэуапІныгъэр зэхэгъэщхьэхукІа «Малка» зэгъуэныгъэм производствэмкІэ и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм дыгъэгъаз3м и 13-м
№128-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и дохутыр» цІэ лъапІэр Савченкэ Н. В. фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Узынщагъэр хъумэн Іэнатіэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІам, и Іэщ1агъэм фІыуэ зэрыхищІыкІым икІи илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и дохутыр» цІэ лъапІэр фІэщын **Савченко Наталье Вячеслав и пхъум** - Май муниципальнэ щІыналъэ и сымаджащ нэхъыщхьэ» зэрыщагъэр хъумэныжьмкІэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм и дохутыр нэхъыщхьэм клинико-эксперт лэжьыгъэмкІэ и къуэдзэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм дыгъэгъаз3м и 13-м
№129-УГ

Школхэмрэ медицинэм и ІэнатІэхэмрэ папщІэ автомашинэхэр

Къэралым и автопромым дэІэпыкъуныжьмкІэ программэм хиубыдэу 2019 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и школхэмрэ сымаджэщхэмрэ автобус мыину, медицинэ дэІэпыкъуныгъэ псынщІэм папщІэ автомашинэу пащІы бжыгъэхэр къаІэрыхьащ. Ахэр щІыналъэм и районхэмрэ къалэхэмрэ трагуэшащ, къет ТАСС-м и корреспондентым.

«НОБЭ дэ зи инагъкІэ зэхуэмыдэ автобус 40 школхэм папщІэ къытІэрыхьащ икІи ахэр къуажэхэм ятедгуэшэнуц, жьы хъуа транспортыр зэрахъуэжкІи папщІэ. Транспортыр къытхурагъэщащ къэралым и автопромым дэІэпыкъуныжьмкІэ программэм икпъ иткІэ», - журналистхэм щепсалъэм жиІащ КЪБР-м щІыхьэр егъэджэныжьмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Къумыкъу Іэуес**. 2016 гъэм щегъэжьауэ 2018 гъэм нэсыху республикэм школакІуэхэм папщІэ автобус 76-рэ къыІэрыхьащ.

КЪБР-м Узынщагъэр хъумэныжьмкІэ и министерствэм зэрыщыжаІамкІэ, дызэрыт илъэсым мы щІыналъэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэ псынщІэм папщІэ автомашинэу 13 къыхуэкІуащ. «Ящ автомашинэу 8-р республикэм къэсащ 2019 гъэм и фокІадэм. Иджы къыкІэлъыкІуэ автомашини 5-р къэсащ. Ахэр гуэвэгъуэхэмкІэ Медицинэм и центрымрэ ДэІэпыкъуныгъэ псынщІэмкІэ станцхэмрэ ират», - къыщыжраІащ ТАСС-м и лэжьакІуэм министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэм.

Къэралым и автомобиль промышленностым дэІэпыкъуныжьмкІэ программэм тету 2016 гъэ лъандэрэ КЪБР-м къыхуэкІуащ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ псынщІэм и автомашинэу 78-рэ.

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым республикэм и школакІуэхэм паспортхэр ярет

УФ-м и Конституцэм и махуэм республикэм и Премьер-министр Мусуков Алий КЪБР-м и Правительствэм и Унэм паспортхэр щаритащ едджэным, спортым къыщыхэжаныкІ, олимпиадэ, конкурс зэмылІэужьыгъуэхэм щытекІуа, кадет зэщІэхъееныгъэм щыпашэ школакІуэхэм.

ЯПЭЩІЫКІЭ республикэм и Правительствэм и Іэтащхьэм хьэщІэхэм Правительствэм и Унэр яригъэлъэгъуащ. Иужькіэ, шей Іэнэм бгъэдэсу, ахэр зэпсэльащ икІи лэжьыгъэм, еджэным я лъэныкъуэкІэ зыхуэлІэхэр зэхуаІуэтащ.

«Урысей Федерацэм и цІыхум и паспортыр дэтхэнэри зищІысыр къэзыгъэлъагъуэ документ къудейкъым, - жиІащ Мусуков Алий. - Паспортыр къызэрыватыр фэ балигъ гъащІэм фызэрыхьхъэм и щыхьэтщ. Гуапэщ едджэныжьмкІи, творческэ лэжьыгъэмкІи, жылагъуэ жьджэрагъыжьмкІи фыкІызэрыхэщыр. Аущ гъащІэ гъуэгу иным фытеува къудейщи, къэралыр зыщыгугъыр фэраш».

ГуфІэгъуэ зэхьхьэм хэтащ КЪБР-м щІыхьэр егъэджэныжьмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэщ1 Мусуков Алий школакІуэхэм ехьэхъуащ узынщагъэрэ ехьулІэныгъэрэ яІэну, я мурадхэр къайхъулІэну.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Налшык

Илъэсыщ1э псейхэм зыкърах

Абхъазым и утыкум махуитІкІэ псей Іэрыщ1 лъагэр щызэпкъраль хьащ. Псори пэплъэрт мы гъэм абы фІалъхьэну щІуугъэнэкэр зыхуэдэм. Гъэ кІуар, зэрыфщІэжщи, «ретро» лъэхъэнэм ейт. Ещанэ махуэм щэхуэ нахуэ къэхъуащ - «Коммунизмэ»-м и лэжьакІуэхэм иджыри зэ къызыкъуахьжащ куэдым я сабиигъуэр я нэгу къыщІэзыгъэхьэж сурэт теплъэгъуэ зэкІэрыщІаэр, кІэнфетышхуэхэр, хадзэкІэхэр, гуащэкэр.

А ПСОРИ гум къохузбылІэ, гукъыдэжыр къаІэт. «Мы гъэми фІащІэжыну пІэрэ нэгъабэрей хьэпшыпхэр, жыслІэу сыпэплъэрт», - ар жиІэурэ псейр и хъуреягъкІэ тІэуней къикІухьащ ныбжь зиІэ цІыхубзым. Ар абы и зэманыгъуэм хиубыда псейт.

Илъэсыщ1э псейхэм я гъэщІэрэщІэкІэм елэжьа дизайнерхэм фІыщІэ яхуэфащэу я лэжьыгъэр ящІэ: Абхъазым и утыкум и «Ретром» дахащ1ау къыпоувэ ЗэгурыІуэныгъэм и утыкум иджырей мардэхэм тету щагъэуя псей зыкъизыхыр. Абы лей лъапкъ кІэрылъкъым, нур зэмыфэгъуэхэм дэпщІыпщІ «уэшхыр» мыхъумэ - дахэщ, къыззэрыгуэкІщ. КъыкІэлъыкІуэ псейр Марие и фэеплъым къыбгъурытщ. Абыи зыкърех, иджырей щІалэгъуалэм ягу дыхьэным зыхуигъэпсам хуэдэу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ДАХ-м и лэжьыгъэр нэхъыфІу 100-м хабжэ

● Щ1ыхь

Иджыблагъэ Сочэ щекІуэкІащ Добровольцэхэм я дунейпсо зэхуэс. Абы къэрали 120-м къикІа цІыху 6500-рэ хэтащ, ахэр волонтёр зэщІэхъееныгъэхэм, фейдэ къызыпэкІуэ лэжьыгъэм пымыщІа зэгухьэныгъэхэм, псапащІэ фондхэм я лЫкІуэхэт.

ПРЕЗИДЕНТ грантхэмкІэ фондым ахьшэ зыхуэхъуэныгъэхэм ягъэхьэзыра проектхэм я нэхъыфІу щэр къыщыхахащ зэхуэсышхуэм. Абыхэм яхэхуащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и жэрдэмкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІа «Диалог на Эльбрусе - XXI: согласие, дружба и сотрудничество народов» проектри. ДАХ-м 2017 гъэм къиуба президент грантымкІэ игъэхьэзыра мы Іуэхур 2018 гъэм екІуэкІащ икІи ар купщІафІэу къызэрызэрагъэпэщащ къалъытэри, ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий Щ1ыхь тхылъ къыхуагъэфэщащ.

Проектым ДАХ-м иригъэкІуэкІа Іуэхугъуэ щ1ыхьэпэм къуэдзэ Жаратаев Сэлим унэ-интернатым нэхъапэхэм щ1ыпэкъахэмэ, а къалэн мытыншым ноби пэрытхэми куэд я нэгу щІэкІащ, зэрагъэзэхуащ, зыбгъэдэт Іэнатіэм къыщагъэсэбэп Іэмалхэмрэ бгъэдыхьэкІэхэмрэ, зэманым декІуу, сыт и лъэныкъуэкІи зэрырагъэфІэкІуэным, нэхъыфІыж зэращІыным ехьэлІауэ. Ахэращ, зи щхьэ кІэлъыплъыпІэжьыф, зи къару зыхуримыкъуж щ1ыху щэ бжыгъэхэм мы унэр егъэзыпІэ тынш яхуэхъуныжьмкІэ нэхъыбэу фІыщІэ зыхуэщІыпхъэхэри.

КЪБР-м и Парламентым, республикэм и министерствэ зэмылІэужьыгъуэхэм, жылагъуэ зэгуэныгъэхэм къабгъэдэкІыу, унэ-интернатым щ1ылажьэхэм ящ1ыщу зыбгъэдэт Іэнатіэр псэ хьэлэлу езыхьэкІхэм фІыщІэ тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ ираташ.

Зэхуэсым и етІуанэ Іыхьэр республикэм щІэрыІуэ щ1ыхьуа уэрэджьыІакІуэхэмрэ къэфакІуэ ныбжьыщІхэмрэ ягъэдэхащ.

Тхыгъэри сурэтхэри
КЪУМАХУЭ Аслъэн ейщ.

КЪБР-м и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи мычэзу зэІуущІэр 2019 гъэм дыгъэгъаз3м и 17-м зэхэтынущ.

ЗэІуущІэм щ1ыщІидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къалэн мытыншым хуэІэижьхэр

● Юбилей

Жьы хъуахэмрэ зыхуэзфІэмыкІыжхэмрэ щапІыжу Налшык къалэ дэт унэ-интернатым дыгъэгъаз3м и 12-м щагъэлъэпІащ езы Іуэхущ1апІэр къызэрызэрагъэпэщ1рэ илъэс 55-рэ зэрырикъуэр.

ГУФІЭГЪУЭ щ1ыкІэм иту иригъэкІуэкІа зэхьхьэм къыщыпсэльащ КЪБР-м и Парламентым и депутатхэр, республикэм и министерствэ зэмылІэужьыгъуэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лЫкІуэхэр, езы Іуэхущ1апІэм илъэс куэд щІауэ щылажьэхэр.

Зэ1уущІэр къызэІуихащ КЪБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр Асанов Алим.

- Щэч зыхэмылъэныкъэ араущи, зи щхьэ пщІэ хуэзыщІыж дэтхэнэ жылагъуэми къыщыкІуэкІ псапэ зыпылъ Іуэху нэхъыфІхэм ящ1ыщщ зыхуэзфІэмыкІыжхэмрэ ныкъуэдыкъуэ хъуахэмрэ якІэлъыплъыныжьмрэ зыхуэИ хуэгъэзэныжьмрэ, зэрыщ1ытыпхъэу, къызэгъэпэщ1ыныр. ТхужьыІэнущ дызыщІэс Іуэхущ1апІэм щылажьэхэр, я Іэщ1агъэм фІагъ лъагэ къыщагъэлъагъуэрэ я Іэзагъэм сыт и лъэныкъуэкІи зэрыхагъэхъуэным щызэдегугъуу, а къалэн мытыншым зэрыпэлъэщыр. Ди гуапэ зэрыхъунщи, мы унэ-интернатым, зылІ и быну зэгурыІуэрэ зэдзІэпыкъужу, щызэдолажьэ зи щхьэ тэмэму зезымыхьэжьыфхэм гудзакъэ ин хуаІэн зэрыхуейр зи псэм хьэкъыу пхыкІа, зыбгъэдэт Іэнатіэм хуэІэижь щІыху щ1ыпкъэхэр.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим унэ-интернатым Іутхэмрэ ар псэупІэ зыхуэхъуахэмрэ защ1ыхуигъэзэм къыхихигъэщащ къыздэкІуар республикэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ мыхьэнэзэуэ щ1ызиІэ, сыт и лъэныкъуэкІи щапхъэ зытехьапхъэ Іуэхущ1апІэу зэрыщ1ытыр.

- Къызэрызэрагъэпэщ1рэ илъэс 55-рэ ирикъу мы унэ-интернатым нэхъапэхэм щ1ылэжьахэми, а къалэн мытыншым ноби пэрытхэми куэд я нэгу щІэкІащ, зэрагъэзэхуащ, зыбгъэдэт Іэнатіэм къыщагъэсэбэп Іэмалхэмрэ бгъэдыхьэкІэхэмрэ, зэманым декІуу, сыт и лъэныкъуэкІи зэрырагъэфІэкІуэным, нэхъыфІыж зэращІыным ехьэлІауэ. Ахэращ, зи щхьэ кІэлъыплъыпІэжьыф, зи къару зыхуримыкъуж щ1ыху щэ бжыгъэхэм мы унэр егъэзыпІэ тынш зыхуэхъуныжьмкІэ нэхъыбэу фІыщІэ зыхуэщІыпхъэхэри.

КЪБР-м и Парламентым, республикэм и министерствэ зэмылІэужьыгъэхэм, жылагъуэ зэгуэныгъэхэм къабгъэдэкІыу, унэ-интернатым щ1ылажьэхэм ящ1ыщу зыбгъэдэт Іэнатіэр псэ хьэлэлу езыхьэкІхэм фІыщІэ тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ ираташ.

Зэхуэсым и етІуанэ Іыхьэр республикэм щІэрыІуэ щ1ыхьуа уэрэджьыІакІуэхэмрэ къэфакІуэ ныбжьыщІхэмрэ ягъэдэхащ.

Тхыгъэри сурэтхэри
КЪУМАХУЭ Аслъэн ейщ.

● Туризм

«Іуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупІэм и зэфІэкІ

УФ-м Туризмэмкіэ и федеральнэ агентствэм (Ростуризм) къызэрыщалъытэмкІэ, ди къэралым и бгы-лыжэ зыгъэпсэхупІэ нэхъыфІхэм «Іуащхьэмахуэ» курортыр ящ1ыщ1.

ЗИ ГУГЪУ тщІы Іуэхущ1апІэ нэхъыщхьэм иджыблагъэ щ1ытепсэлъыхьащ щ1ымахуэ лъэхъэнэм лыжэкІэ къэжьыхьын зыфІэфІэхэмрэ сабийхэр ящ1ыгъуу зыгъэпсэхуакІуэ ежьэхэмрэ я дежкІэ нэхъ зэгъуэ ябж бгы-лыжэ курортхэр сыт хуэдэхэр арами.

Алпхуэдэу, уэсым щІигъэна Іуащхьэ джабэ нэкІухэм япэ дыдэу зыкърезыгъэхьэхэм хуагъэлъагъуэр Кемеровэ областым и Шерегеш щ1ыпІэрщ. Сыту жыпІэмэ, абдежым щ1ыкуэдщ бгы лыжэ къэжьхьыкІкІэм зыщ1ыхуагъасэ хъуну лъагъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр. КІэлъыкІуэу, зи Іэзагъэм хэзыгъэхуэну хущІэкъуэм я дежкІэ нэхъ зэгъуэу къыхагъэщар ди республикэм и Іуащхьэмахуэ лъапэм щ1ыдиІэ къежьхьыпІэхэмрэ Алтай крайм щ1ыІэ Белокурихэ курортымрэщ.

Спортсмен лъэрызехьэхэм псом япэу нэхъ хуагъэфащэр, ди гуапэ зэрыхьунщи, Бахьсэн и псыхъуащхьэхэм къ1щ1хьэщ1ыхьэ Чегет бгым и къежэхьыпІэ задэхэрщ. Я фІагъ и лъэныкъуэкІэ абыхэм яужь иту къалъытащ Сахалин, Мурманск областхэм щ1ыІэ бгылъэ курортхэм я джабэ нэкІуэр.

Я унагъуэхэр я гъусэу ежьэхэм нэхъ зыщагъэпсэхуфыну къабжащ хы ФІыщІэ Іуфэм щ1ыІэ Сочэ щ1ыпІэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Алтай республикэхэм я Архъыз, Манжерок курортхэр. Мыбыхэм нэхъ зыщ1аубгъуащ икІи зыщ1ауку1здиящ сабийхэм папщІэ къ1щ1ыхьэ1уаха гъэсапІэхэмрэ уэс лъагъуэ щІыкІуэхэмрэ, зыхуеину Іэмэпсымэхэри нэхъ щ1ыбгоІуэт.

БЭРАУ Бышэ.

● Тхылъыщ1э



Джарым Аслъэн и гукъэк1ыжхэр

Щ1эк1ыэгъуэм и 7-м Адыгэ Республикэм 1этауэ щагъэлъэпк1ащ щ1ынальэм и я1пэ президент, экономикэ щ1эныгъэхэм я доктор, СССР-м спортымк1э (самбэ) и мастер Джарым Аслъэн и ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъуар. Пшы-хьым къырихьэл1а дэтхэнэ зы хьэщ1эми тхъмадэм тыгъэ хуищ1ащ нэхы-жьыф1ыр и гъащ1э гъэзгуи щриплъэж, нобэ ди щ1эджык1ак1ыэхэм едгъэ-щ1ыху тхылъыр: «Льагагъэр зэрыщ1эхэщ1эр: спорт, политикэ, гъащ1э» («Чувство верха: спорт, политика, жизнь»).

Къулыкъущхэми, Iэщ1агъэмрэ гъжьыгъэмрэ къахуигъэув къал1энхэми къаугъ-тыпщ1ауэ, нобэ и чэнджэщ щхьэпэхэмк1э нэхъыщ1эхэм защ1игъакъуэу, жьыщхь3 махуэу дунейм тет Джарым Аслъэн и щ1ыху щык1эри и гупсысэк1эри нэхъ Iупщ1у уи нэгу къыщ1егъэувэ тхылъыр езым къыбгъэдэк1ыу зэрытхам. Тхьэмадэм и ф1ыщ1э псалъэм къыщ1ыхегъащ тхыгъэхэр зэхигъэувэнымк1э ипхъу Беллэ къыз3рыдэл1эпк1уар.

Адыгейр Краснодар крайм къыхэк1ыу республикэ зэрырхъуар, Югославием щыщ адыгэхэр хэкум къашэжу къужаж щхьэхуэу зэрагъэт1ысар, республикэм и л1ыщхьэр адыгэ фащэ щыгъыу къэрал зэхуэсым зэрык1уар, адыгэ нылыр къэралыгъуэ дамыгъэ щ1ыным зэрытегушхуар, Шэшэн, Абхъаз-куржы зауэхэм, нэгъуэщ1 куэдми ятеухуэу хьыбархэм ущрихьэл1энущ лъэпк1ыр зы щ1ыжьыным хэпхьэныгъэщхьэ хуэзыщ1а Джарым Аслъэн и тхылъым и на-пэк1ыуэк1хэм. «Урысейм и Президентым Кавказ лъэпкъэм зэрызахуиг3эза Къыхуеджэныгъэ» зи псалъащхэ I1ыхьэм щыщ пычыгъэ адыгэбзэм къид-гъэзэгъащ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Урысейм и Президентым Кавказ лъэпкъхэм зэрызахуигъэза Къыхуеджэныгъэ

1994 гъэм накъыгъэм ек1уэк1а, республикэхэм я унафэщ1хэм я 3эхуэсым сыкъыщ1ыщ1ыпсалъэм, хэхэс диаспорэхэр бжыгъэк1э зэпэпл1ыпт3, хамэ жэрал1хэм щ1ыпсэу ц1ыху бжыгъэ нэхъыбэ дыдэ зи1э урысхэм адыгэхэр къаз3рык1эл1ык1уэр жыс1ащ. Ар республикэ тепщэхэм икъук1э ягъэщ1эгъуащ. Си псалъэм къыщ1ыхэзгъащ щэрджэс хэхэсхэр Кавказ Ищхъэрэм ит республикищ1ем - Адыгейм, Къэрэшей-Щэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым - къызэщ1эубдауэ адыгэу исым нэхъ3р п1ык1э зэрыныгэхъыбэр. Иджы мис, XXI л1эщ1ыгъуэр йок1уэк1, ауэ нобэр къызд3эсым ар зымыщ1э куэд Урысейм щыпсэухэм яхэтщ, нэхъ гъэщ1эгъуэныжращи - къэрал к1ылыкъущ1эхэр абы щыгъуазэкъым. Дэ псори дыадыгэщ, - къагурызгъэ1ауэ къызэд3ая1эхэм, - лъэпкъым и къудамэ щхьэхуэхэм дыхьихьэу, диалект з3темыхуэк1э дыпсал3эу арк1уедик1. Иужьрей къэпщ1этныгъэм ипкъ итк1э зи щ1э я1ыс1уа республикэхэм адыгэу мин 720-рэ хуэдиз щ1ыпсэумэ, гъунапк1э адрыщ1ым мелуани 4 - 5, иджы къызэрабжьык1э - мелуани 8-м нэблагъэ ди лъэпкъэгъуэ щ1опсэу. Ар Ельцин Бориси, республикэхэм я тепщэхэми яф1эгъэщ1эгъэн хъуащ, псом хуэмыдэу абы къигъэуI3бжьар Шаймиев Минтимергь, абы хэхэс т3тэрэхэр, урысхэм уакъыф1эк1ымэ, нэхъыбэ и гугъэт. А псори хэ1ущ1ыIу дымыщ1у хъунутэкъым, сыту жыпI3мэ, а з3маным КъБР-мрэ КъШР-мрэ я л1ыщхьэжу К1уэк1уэ Валерэрэ Хубиев Владимиррэ, сэри сариг3уэгу ди I э зыщ1эддза, «Адыгэ лъэпкъым Урысейм и Президентым зэрызыхуигъазэ Къыхуеджэныгъэ» дгъэхьэзырыpт. Кавказ зауэр ихьыу адыгэхэр Тырким зэрыI3пхъуэрэ илъэси 130-рэ щ1ирик1у махуэр къэблагъати, а Къыхуеджэныгъэр Зэхуэсым утыку къыщ1идмыльэу хъунутэкъым. Я1пэ дунейпсо зауэр ихьыу, Уэсмэн къэралыгъуэр зэпк1ырыхуа ноэжь, адыгэхэр Тырку империем хьыхьу щыта, иужьк1э къэрал з3мыл1эужьыгъуэу з3пк1ырыл1эл1а щ1ынальэхэм къыщ1ыхутат.

Ди лъэпкъэгъуэр щ1ыпсэу къэрал 50-м щ1ыщу Тыркум, Сирием, Иорданием адрейхэм нэхър3 нэхъыбэ исщ. Урысейм и Президентым зи гугъу ещ1ы Къыхуеджэныгъэр къигъэнэI3ащ, ауэ адыгэхэм я зак1уэ къыхимыгъэщ1, ар Кавказым ис лъэпкъ псоми яхуигъэзащ. Ауэ нэхъыщ1эр жиIат: а зауэр бгырысхэм я лъэныкъэк1э захуагъэм тещ1ыхьа зауэу з3рыщ1тар. Илъэси 130-к1э ар зыми жиI эфатэкъым. Едж1ак1уэ дыщ1ытыху, Урыс-Кавказ зауэм и Iузхур къыз3рыдгъэдалъхьэу щ1ытар пащ1ыхьыгъуэм лъэпкъ дхъуэхэхэм щэнхабзэмрэ зыужьык1ыгъэмрэ я нэхъ къахуихьа хуэдэут. Уэсмэн къэралыгъуэм и залымк1эм Кавказ лъэпкъхэр к1ригъэлын папщ1э, Урысейм иубла зауэ хуэдэут 1994 гъэр къэсыу абы тепсэл3ныкъу з3рыщ1тар. Аратэкъым, дауи, I3ухур зы1уар. Ик1и Ельциным и зак1уэщ 1994 гъэм Германием щы1эу п1эжьр утыку къурихьэну л1ыгъэ зыхурик1уар. М3кхуу жэщу къэк1уэжа нэужь, «Урысейм и Президентым Кавказ лъэпкъхэм зэрызахуигъэза Къыхуеджэныгъэм» I э щ1идзауэ щ1ытащ».

«Льагагъэр з3рыпсэхэщ1эр: спорт, политикэ, гъащ1э» тхылъым щыщ пычыгъэуэ.

● Гу зылъытапхъэ

Журналистхэм я зэпеуэ

КъБР-м Щэнхабзэмк1э и министерствэмрэ Журналистхэм я з3гухьэныгъэмрэ къыхалъхьа «Журналист лъжьыгъэ нэхъыф1-2019» республикэ зэпеуэм фи I эдакъэщ1эк1эр евгъэхь хъунущ.

АХЭР МЫПХУЭДЭ л1эужьыгъуэу гуэшауэ щытынущ:

«Газетхэмрэ журналхэмрэ тета тхыгъэ нэхъыф1», «Интернетым къыщагъэпсэгъуа лъжьыгъэ нэхъыф1», «Телепрограммэ нэхъыф1», «Радиопрограммэ нэхъыф1».

Зэпеуэм хэтыну ирагъэбгъэк1ыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьыбарегъащ1э I энат1эм щ1ыпсэлъэн щ1ыпсэлъэн щ1ыш1ым и 1-м щегъэжьауэ дыгъэгъазэм и 15 пщ1ондэ зи л1ужьыгъэр хьыбарегъащ1э I эмал1эмк1э щ1ыхуэм я пащхьэ изыхьахэр.

Зэпеуэм теухуауэ нэхъыбэ къыщыфщ1эфынущ К1ЕР-м Щэнхабзэмк1э и министерствэм и сайтым и1э «Зэпеуэхэр» к1удамэм.

Л1ужьыгъэхэр дыгъэгъазэм и 21 хъуху К1ЕР-м и Журналистхэм я з3гухьэныгъэм щ1ыIахьынущ (Налшык къал3, Лениным и ц1эр зезыхьэ уэрам, 5. 507-нэ пэш. e-mail: raziatka@mail.ru) Упщ1э зи1эхэр ф1ыпсалъэ хъунущ мы телефонымк1э: 8-928-724-12-70 - Шаваевэ Разият)

Зэпеуэм щытек1уаэр Урысей Печатым и махуэм я гъэл3пл3нущ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

● Фщ1эн папщ1э

Сом 1 мелуанрэ мин 862-м щ1игъу я1пшыныж

Зэратх I эмэпсымэхэм къызэрагъэл3ъэгъуамк1э, щэк1уэгъуэм и 30 - дыгъэгъазэм и 6-хэм къриубыдэу гъэугум зэрыщ1эк1уэ хабзэр 5612-рэ къызэпаудащ. Псори зэхэту къуздыуэ тралъхьащ сом мелуани 3-рэ мин 752-м щ1игъу. А махуэхэм къриубыдэу сом 1 мелуанрэ 862 950-рэ я1пшынащ.

КъУЭДЫР махуэ 60-м къриубыдэу я1пшын хъунущ. Абы ф1агъэк1амэ, Iузхур Суд пристав хэм Iэрагъэкъэ.

Административнэ къэудыр хабзэм игъэува п1ал3м (УФ-м и КоАП-м и 25.25 статьи) къриубыдэу я1мыпшынмэ, ар хэудит1к1э я1гъэбгъуэ е сыхьат 50-к1э ц1ыхур я1гъэлажь.

Къуэды пте1ъ3-птемыл1ъ3 къыщыпщ1эфынущ Урысейм и Къэрал автоинспекцэм и сайтым - www.gibdd.ru.

БАХЪСЭН Ланэ.

Кхъуэ1уфэ Хьэчим Хьэбас и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм хэщ1ыныгъэшхуэ игъэтащ - илъэс 80-м иту дунейм ехыжащ тхак1уэ-публицист, документальнэ прозэм и л1ыхьжьэр з ы г ъ э т I ы л ъ а х э м ящ1ыщ зы, Урысей Федерацэм и Тха-к1уэхэмрэ Журналистхэмрэ я зэгухьэныгъэхэм хэта, Урысей Федерацэм щэнхабзэмк1э щ1ыхь зи1э и лъжьак1уэ Кхъуэ1уфэ Хьэчим Хьэбас и къуэр.

Кхъуэ1уфэ Хьэчим К1ъБАССР-м хыхьэ К1ыз3брун Ещанэ къуажэм 1940 гъэм мазаем и 10-м къыщал1ъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетыр «Филолог - литературэ лъжьак1уэ» I эщ1агъэр и1эу къиуха ноэжь 1964 гъэм къыщ1ыщ1эдзауэ ар «Коммунист» Бахъсэн щ1ынальэ газетым и редакцэм жэуап зыхь и секретару щытащ. Иужьк1э «Советская молодежь» республикэ газетым и литературэ лъжьак1уэу, къудамэм и унафэщ1у щытащ, К1ъБАССР-м и Министрхэм я Советым Телевидеенэмрэ радиовещанэмк1э и комитетым и редактор нэхъыжь, «Блокнот агитатора» журналым и редакцэм и литературэ лъжьак1уэу къ1ылкъуэхэм пэрытащ.

1977 гъэм щ1ыщ1эдзауэ 1980 гъэ пщ1ондэ ар лъжьащ Хамэ къэралхэм щыпсэу ди хэкуэгъуэхэм щэнхабзэ пыщ1ынагъэхэр яхуди I энымк1э совет зэгухьэныгъэм («Хэку» зэгухьэныгъэ) жэуап зыхь и секретару.

1982 гъэм къыщ1ыщ1эдзауэ абы иунэт1ащ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым печатымк1э, телевидеенэмрэ радиомк1э и къудамэм и лъжьыгъэр. 1986 гъэм ар я гъэуващ К1ъБАССР-м Телевидеенэмрэ радиомк1э и къэрал комитетым и унафэщ1у.

1992 гъэм къыщ1ыщ1эдзауэ 1998 гъэ пщ1ондэ Хьэчим «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу щытащ.

Хьэчим Хьэбас и къуэр щ1ыхуэ депутатхэм я Налшык къал3 Советым и депутату хахащ, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым, Урысейм и Тха-к1уэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм, К1ъБР-м и Жылагъуэ палатэм Щэнхабзэмк1э, щ1ыхуб хъыбарегъащ1э I эузхущ1а-п1эхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмк1э и комиссэм хэтащ. 2015 гъэ пщ1ондэ ар К1ъБР-м и Тха-к1уэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщ1у щытащ.

Абы и лъжьыгъэфым папщ1э къхуяуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щ1ыхь тхылъхэр, К1ъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Щ1ыхь тхылъыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Фн1щ1э тхылъыр.

Кхъуэ1уфэ Хьэчим Хьэбас и къуэм и фэегъэ1ь нэхур сыт щыгъуи ди гум илъынщ.

К1ъБР-м Щэнхабзэмк1э и министерствэр «К1ъБР-Медиа» къэрал к1эзонэ I эузхущ1ап1эр К1ъБР-м и Тха-к1уэхэм я зэгухьэныгъэр К1ъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмк1э и министерствэм, «К1ъБР-Медиа» ГКУ-м, К1ъБР-м и Тха-к1уэхэм, Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iащ1ыкъэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Налшык» ОРТК-м, ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хьыбарегъащ1э агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзап1эм, «Тетраграф» ООО-м я лъжьак1уэхэм гущ1ыхьэ ящ1ыхъуащ **Кхъуэ1уфэ Хьэчим Хьэбас и къуэр** дунейм зэрехьыжар ик1и абы и I ыхьлъхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

● Зэпеуэ

«Дуней псор зылъэхъа бэджыхъым детхьэлэ»

КъБР-м Ц1ыхухэр егъэджэнымк1э, щ1эныгъэмрэ щ1алэгъуалэм я Iузхуэхэмк1э и министерствэр, КъБР-м и Парламентым и Щ1алэгъуалэ палатэр, Хьэт1охъущокъуэ Къазий и ц1эр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэр я дэ1эпык1ъуэгъуу ираг3эк1уэк1 «Дуней псор зылъэхъа бэджыхъым детхьэлэ» республикэпсо зэпеуэр иджыблагъэ щ1ызэхэщ1 Тэрч щ1ынальэм хыхьэ Инарыкъуей ирауажэм дэт курыт еджап1эм. Къыжьк1апхъэщ проектым Щ1алэгъуалэ I эузхуэхэмк1э щ1ы-к1э къэрал агентствэм къызэрыгъэпэща зэпеуэм и гулъыти зэрыгъуэтар.

АБЫ И К1АЛЭН нэхъыщхьэр республикэм и щ1алэгъуалэ гупхэр зэхэщ1ауэ анэдэлъхубзэк1э зэгъэпсэл3энырщ, я I эузху е п л ы ж к1эр зэтемыхуэмэ, зэгъэдэуэнырщ, адыгэбзэм и щ1эр къэ1этырщ.

I эузхущ1ап1эм яхуеблэгъат К1ъБР-м Ц1ыхухэр егъэджэнымк1э, щ1эныгъэмрэ щ1алэгъуалэм я I эузхуэхэмк1э и министерствэм и пресс-I эузхущ1ап1эм и унафэщ1 **I эрэмысэ Тимур**, К1ъБР-м Щ1ымрэ мылъкумрэ я I эузхуэхэмк1э и министерствэм и л1ужьак1уэ **Гугъуэтыж Ахьмэд**, Адыщ1ан дэт 3-нэ курыт еджап1эм и унафэщ1ым егъэджэныгъэ I эузхуэхэмк1э и къудэзэ **Мэшыкъуэ Радимэ**, «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Хьэрэдурэ Аллэ**, Тэрч щ1ынальэм егъэджэныгъэмк1э и управленэм и л1ыкI эзэгъ **Пщыук1 Залымрэ Шэрыб Людмилэрэ**.

Ди гъащ1эм щыщ хъуа интернетым теухуа псалъэмакъым хэта еджак1уэхэм гупитI у загуэшат - абы и телъхьэхэмрэ ар зэран хъууэ къэзыIытэхэмрэ.

Нобэк1э ди гъащ1эм ук1ыIэшхуэ щызыубыдэ хуэ интернетым ф1агъуэу и1эхэр утыкум кърахьащ ар зи I эпэгъуэхэм. Еджак1уэхэм щап-хъэхэк1э щ1агъэбыдзжурэ къыжа1ащ иджыпсту л1ужьакъуэ лей умыгъ, унэм ущ1эсу I эузху куэд зэрызэф1эпхъыфыр. П1сал3эм папщ1э, интернет-тыкуэнхэм уэзрыщ1ыщ1эхуэфыр, щ1ыпл1э жьжьэ щыIэ уи благъэ-I ыхьлъхэм тыншу уаэзрыл3эгъэсыфыр, зыгъэпсэхуакIуэ е нэгъэущ1 щ1ыпл1э ук1уэнымэ, т1ысыпл1эхэр, хъэщ1эщхэр тыншу зэбгъэпэщ зэрыхъуар, дунейм къыщ1ыху-к1ыщ1ыщ1эхэм я хъыбархэр псынщ1эу къыз3рыпщ1эфыр, едж3ныммк1и, егъэджэныгъэмк1и, л1ужьгъэмк1и ар зэрысэбэныр, уеблэмэ лейуэ умыпщафI эу щхьныгъуэ з3мылI эужьыгъуэхэр хьэзыру уи унэ къебгъэшэнуи I эмал уэзриI эр.

Интернетым и «жагъуэгъу» гупми я еплъык1эр я1ыгъыжк1эрэ жа1ащ ар хэмытуи нобэрей гъащ1эм уэзрыхэпсэук1ыфынур. Щап-хъэуи къахьащ ди я1пэ ита нэхъыжьхэм я гъащ1э блэк1ар, пасэм ц1ыхухэр нэхъ зэгурыI уэу, зэхэзгуапэу, зэрыщI эу зэрыщытар. Гъунапкъэ зымыI э дунейр къызэрыпэхурэ, уеблэмэ унэм щ1эсхэри зэрымыпл1ъгъуж, сымаджэрил3, ц1ыхухэр нэхъ тк1ий, гущ1эгъ1ншэ зэрыхъуари къахьагъэщащ. Псом хуэмыдэу нэм, бгым, псантхэм, щхьэм зэрар зэрахуэхъум, узынш1агъэм нэхърэ нэхъ л1ьапI э дунейм зэрытемытым, абы ук1эпыпл1ъын зэрыхуэйм, нэгъуэщ1 куэдми, щапхъэк1э щ1агъэбыдзжурэ, тепсэлъыхьащ.

Тек1уа гупыр на1уэ къащ1ын и1пэ къихуэу къэпщ1атк1эхэр къыщ1ыпсалъэм къахагъэщащ езыхэм къабгъэдэк1 псалъэк1э гъэхуауэ, щэрыуэу, зэхэщ1ык1ыгъуэу едж3к1уэхэм жэуап зэратар ягу зэрырихьар. Ахэр зыгъэхьэзыра, адыгэбзэмрэ литературэмк1э курыт щ1ол-лым щ1ызыгъадж Хьэрэдурэ Эммэ къыщ1ыуэтей щ1ыбл1ем анэдэлъхубзэр я1ырыпу къэгъэтэджыным зэрытелажьэр зэрыянэрыл3ъагъэр, и гугъуеныкъуэ зэрыхэмык1уадэр на1уэ зэрыхъуар къахагъэщащ. Балл бжыгъэк1э я1пэ ита интернетым и «жагъуэгъуэхэм» къыкI эл1ык1уэ зэпеуэми бжьыпэр щ1аубыдыну ехуэхъэхуахэщ.

Иужьрейуэ къэпсэл3а, курыт еджап1эм и унафэщ1 Тумэ Валентинэ жи1ащ:

- Псом нэхър3 нэхъыщхьэу сабийм бгъэдэл3ъын, ищ1эн хуейр къыдал3ъуа бзэращ. Нобэ л3ъныкъуэ ирагъэзын яг3гъэу зи яужь ихьа ди адыгэбзэмк1э егъэзык1уэ зэпеуэр ик1ъук1э мыхьэнэ зи1э лэжьыгъэщ. Тхъэм фи мурадхэр къыфхуэзэпищащ! А I эузху дахэм хэтыну ди еджак1уэхэм I эмал зэрагъэтар куэду ди гуап1эщ. К1ыкI ылъык1уэ джэгугъуэми тлъэк1 куэдмыгъэнэну фыкъыдогъэгугъэ.

З3I ущ1эм и к1эухыу, гукъинэж ящ1ыхьун хуэдэу, псоми зэгъусэу сурэт зэтрагъэхащ.

КУРПЫГЪУ Синэ.

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 14, *щ1эбэт*

♦Чернобыль АЭС-м къыщ1ыхъуа аварием и лъэужьхэр зыгъэк1уэдыжахэр щагъэл3ап1э махуэщ

♦Академик Сахаров Андрей и фэеплъ махуэщ. Совет физик, жыл3гъуэ л3жьак1уэ ц1эрыIуэ, Нобель саугъэтым и лауреат Сахаров Андрей 1989 гъэм дунейм ехыжащ.

♦1542 гъэм Шотландие пащтыхьыгъуэм и унафэщ1у ягъэувауэ щыщат Стюарт Марие. Абы и гъащ1эр гъэщ1эгъуэныщ1у къыз3рек1уэк1ар зыфI этелъыдыжэу щытар и лъэхъэнэгъуэм я закъуэкъым. Ноби абы теухуа тхылъхэр къыдок1, фильмхэр трах.

♦1695 гъэм къэралым и пащтыхь Пётр Езанэм къыхилъхьэри, адыгэпщ1 Черкасский Михаил Алигъуокъуэ и къуэр Урысейм и генералиссимусу хахат.

♦1799 гъэм дунейм ехыжащ США-м и я1пэ президенту щыта Вашингтон Джон.

♦1825 гъэм Санкт-Петербург и Сенатскэ утыкум деж къыщ1ыщ1ыгъ3таш къэралым зэхъуэк1ыныгъ3шхуэхэр щегъэк1уэк1ын хуейуэ къызыгъэувэхэр. Ахэр ц1ыху минищым щ1игъурт. Зэхъуэк1ыныгъэхэм я нэхъыщхьэр къэрал унафэр пащтыхьым къы1эущ1эхьнымрэ пщ1ылыгъэр гъэк1уэдынымрэт.

♦1844 гъэм Порт-Петровск къалэм (иджырей Мэхъачкъалэм) и лъабжьэр яг3этI ылъащ.

♦1893 гъэм Москва и Утыку Плъыжьым Сату щ1ыпI эхэр къыщ1ыз3Iуахауэ щ1ытащ. Иджыпсту ар ГУМ тыкуэнышхуэрщ.

♦1911 гъэм Норвегием щ1ыщ хъэхутак1уэ Амундсен Руаль я1пэу Ипщэ полюсым нэсащ.

♦1939 гъэм СССР-р Лъэпкъэм я лигэм къыхах3к1ыжащ, Финляндием зэрезауэмк1э яг3эк1уаншэри.

♦1943 гъэм ВКП (б)-м и Ц1К-м и унафэк1э къащ1ащ СССР-м и Къэрал гимныр.

♦1947 гъэм СССР-м и Министрхэм я Советымрэ ВКП (б)-м и Ц1К-мрэ къыдагъэк1ащ «Ахъшэ реформэ егъэк1уэк1ынымрэ ерыскъы, промышленнэ хъэпшыпхэр къызэрагъащэку карточкэхэр къэмыгъэсэбэпыжьынымрэ я I эузхук1э» унафэр.

♦1955 гъэм ООН-м хагъэхьащ Австрие, Албание, Болгарие, Венгрие, Иордание, Ирландие, Испание, Италие, Камбоджэ, Лаос, Ливие, Непал, Португалие, Румыние, Финляндие, Шри-Ланка къэралхэр.

♦1975 гъэм Камбоджэ къэралым зэреджэр Кампучие жи1эу зэрах3ъэк1ащ.

♦1992 гъэм Абхъазым хыхьэ Латэ къуажэм деж курж1ыдзэхэм къыщ1ра-удыхащ Гъдаутэ к1уэ урысей кхъухьлъатэр. Абы бийм къиухъуреихьа къалэм дэсхэм ерыскъыпхъэхэр, нэгъуэщ1 зыхуеинухэр яхуишэрт. Кхъухьлъатэм иса ц1ыху 87-ри, абыхэм сабий 35-рэ яхэту, хэк1уэдащ.

♦Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэр щ1эныгъэм тету джыным я1пэу зезыпщ1атахэм ящ1ыщ, адыгэбзэм, абхъазыбзэм, щэшэныбзэм я алфавит зэхэзылъхьа **Услар Пётр** къызэралъхурэ илъэс 203-рэ ирокъу.

♦Совет физик, академик, лазерыр къэгъэсэбэпыным теухуа и къэхуэтэныгъэхэм папщ1э Нобель и саугъэтыр зрата **Басов Николай** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦Индием щ1ыщ актёр щ1эрыIуэ, режиссёр, зи сценарийрэ зи мылъкук1э фильм куэд траха **Капур Радж** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦Дирижёр, К1ъБР-м гъуазджэхэмк1э щ1ыхь зи1э и лэжьак1уэ **Бекъул Леонид** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦1917 гъэм Дзэ Плъыжьым и я1пэ нагъыщ1эр - вагъуэ плъыжьыр - къащ1ащ.

♦1921 гъэм РСФСР-м и ВЦИК-м и деж Къэбэрдей автоном областым и л1ыкI эу щы1эныр хабзэу яг3уватащ.

♦1972 гъэм ООН-м дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымк1э и зэгухьэныгъэр (ЮНЕП) къыщ1ыз3ращ1эпэщащ Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм Стокгольм щрагъэк1уэк1а я конференцым.

♦Франджы инженер, гъущ1ым къыхэщ1ык1а I эщ1агъэл1 **Эйфель Александр** къызэралъхурэ илъэси 187-рэ ирокъу. Аращ къэзыгупсысар дуней псом щ1ыз3рыIуэ, иджы абы и ц1эр зэрихьэу Париж дэт Эйфель чэщанэр.

♦Медициндэ щ1эныгъэхэм я доктор, профессор, К1ъБАССР-м щ1эныгъэмк1э щ1ыхь зи1э и лэжьак1уэ **Балъкъэр Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьак1уэ, публицист **Джэдгъэф Аслъэмырзэ** и ныбжьыр илъэс 97-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щ1эныгъэхэм я доктор, К1ъБК1ъУ-м и профессор, К1ъР-м щ1эныгъэхэмк1э щ1ыхь зи1э и лэжьак1уэ **Мамбэт Хьэлым** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Химие щ1эныгъэхэм я доктор, К1ъБК1ъУ-м и профессор **Дзу I эбубэчыр** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Тхыдэ щ1эныгъэхэм я доктор, К1ъБК1ъУ-м и профессор **Ло Инал** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Политик, къэрал лэжьак1уэ **Грызлов Борис** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦УФ-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм хэт, К1ъР-м гъуазджэмк1э щ1ыхь зи1э и лэжьак1уэ **Къэзан Аслъэндэрий** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦К1ъР-м щ1ыхь зи1э и журналист **Мыз Майе** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытык1энур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымк1э, Налшык пшэр техьэ-тек1уу щ1ыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 8, жэщым градуси 2 щ1ыхунущ.

Дыгъэгъазэм и 16, *блыщхьэ*

♦К1ъзахъстан Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъэщ1 - я къэралыгъэм и махуэр я гъэл3ап1э. 1991 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м К1ъзахъстаным и Совет Нэхъыщхьэм унафэ къ1ищтащ ар СССР-м къыхэк1ыу къэрал щхьэхуэ зэрыхъуэм теухуауэ.

♦Азербайджаным и МЧС I энат1эм и лэжьак1уэхэм я махуэщ.

♦1899 гъэм Инджылызым щ1ыщ Эдвардс Альфред «Милан» футбол клубыр къызэрагъэпэщащ. Абы и я1пэ капитану щытащ Килпинг Герберт. Футболистхэм я фащэр зыхуэдэнэр къэзыгупсысауэ щытар араща.

♦1931 гъэм Москва «Ромэн» цыджан театрыр къыщ1ыз3Iуахащ. Нэхъыхэпэм ар театр-студиеу лажьэу щытауэ аращ.

♦1946 гъэм Диор Кристиан Париж къыщ1ыз3Iуихащ щыгъынхэр щад, ахэр щагъэл3ъагъуэу унэ.

♦Мысырым нэгъуэщ1 къэрал I эузхэмк1э и министру, премьер-министру щыта **Мэхьмуд (Хьэхъу) Февзи** къызэралъхурэ илъэси 129-рэ ирокъу.

♦Совет дзэ къулыкъущ1э ц1эрыIуэ, армэм и генерал, Совет Союзым и Л1ыхьужь **Ватутин Николай** къызэралъхурэ илъэси 118-рэ ирокъу.

♦Совет композитор, пианист, СССР-м и ц1ыхубэ артист **Свиридов Георгий** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦Тха-к1уэ, драматург, щ1эныгъэл1, УФ-м гъуазджэхэмк1э щ1ыхь зи1э и лэжьак1уэ **Шюртэн Аскэрбий** къызэралъхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

♦К1ъБР-м щ1ыхь зи1э и артисткэ **Кушмэзокъуэ I эсият** къыщалъхуа махуэщ.

♦Совет композитор, пианист, жылагъуэ л3жьак1уэ, СССР-м и ц1ыхубэ артист, Лениным и саугъэтыр, СССР-м, УФ-м я К1эрал саугъэтхэр зрата **Щедрин Родион** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, режиссёр, УФ-м и ц1ыхубэ артисткэ **Дружининэ Светланэ** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Теленэтынхэр езыгъэк1уэк1, Урысейм и ц1ыхубэ артист **Николаев Юрий** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Урысей биатлонисткэ, Олимп Джэгухэм щ1энейрэ я чемпион хъуа, СССР-м спортымк1э щ1ыхь зи1э и мастер **Резцова Анфисэ** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

Дунейм и щытык1энур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымк1э, Налшык пшэр техьэ-тек1уу щ1ыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 9, жэщым 1 градус щ1ыхунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭК1ЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущ1ыгъэ:

Мащ1эр ф1ыщ1э зымыщ1ым куэдри ф1ыщ1э ищ1ынукъым.

Адыгэ хабзэр и лъабжьэу

● Лъэпкъ Іуэху

Егъэджэныгъэм къыщагъэсэбэп иджырей Іэмалхэр утыку кърыщрахьэ республикэ семинархэр мы махуэхэм курыт еджапІэхэм щокІуэкІ. Апхуэдэу Къэрэгъэш къуажэм дэт 2-нэ курыт школым къыщыІэрагъэпэщащ адыгэхэм я псэкупсэ лъапІэныгъэхэр, щэнхабзэ-тхыдэ хъугъуэфІыгъэхэр, адыгэ хабзэр гъэсэныгъэмрэ зыуэкІыныгъэмрэ къызэрыщагъэсэбэпым, ахэр зи лъабжьэ цІыху хэтыкІэмрэ шыІэныгъэмрэ ныбжьыщІэхэм зэрыбгъэдалъхьэм теухуа дерс зэІухахэр.

КъБР-м ЦІыхухэр егъэджэныжкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министерствэм къызэригъэпэща а Іуэхум хэтащ къулыкъущІапІэм и лэжьакІуэхэр, Къэбардей Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыщ Мухьэмэд**, КъАХ-м и Прохладнэ щІыналъэ къудамэм и Іэтащхьэ, уэрэджЫакІуэ **Шал Хъусен**, музыкант, режиссёр, уэрэдыс **Къул Амир** сымэ, нэгъуэщІхэри.

ХьэщІэхэр хабзэм тету кърагъблэгъа нэужь, дерсхэр зэрекІуэкІыну щыкІэхэр яубыхурэ, классхэм зэбграшащ. ЕтІуанэ классым щІэс цІыкІухэм ягъэлъэгъуащ адыгэм хьэщІэр зэрыригъэблагъэ, зэрыригъэжьэж хабзэхэр. Ахэр игъэхьэзыращ пэщІэдзэ классхэм я егъэджакІуэ **Танэ Мадинэ**. НэхъыщІэ классхэм ядэлажьэ **Лу Маритэрэ** 3-нэ классым и еджакІуэхэмрэ утыку кърахьащ Іуащьхэмахуэ трауха проект лэжьыгъэр.

Дэ дызрихьэлІа дерсхэм ящыщщ пэщІэдзэ классхэм щезыгъаджэ **Къумыкъу Іэсият** 4-нэ классым щІэс ныбжьыщІэхэм ядригъэкІуэкІар. Ар теухуат адыгэхэм я зэхущытыкІэм, зэбгъэдэтыкІэм, зэпсэльэхкІэм. Адыгагъэмрэ адыгэ нэмысымрэ я мыхьэнэмрэ ар лъэпкъым кІуэхэкІа дэтхэнэ зы цІыхуми зэрахьэн зэрыхуеймрэ цІыкІухэм яхутепсэльыхьу къызэІуихащ Іэсият и дерсыр. Абы къыхигъэщащ адыгагъэм пэжагъыр, укІытэр, гулъытэр, нэхъыжьым пщІэ хуэщІыну, бзылъхугъэр лъытэну, сабийм хуэсакъыныр, гъэсэныгъэ хэлъхьэныр къызэрызэщІиубыдэр. Республикэ инновацэ проектым ипкъ иткІэ егъэджакІуэм утыку кърихьа «Адыгэм и цІыху хэтыкІэ» программэм лъабжьэ хуэхъурт адыгэ хабзэм сабийхэми балигъхэми я дежкІэ мыхьэнэшхэ зэриІэр цІыкІухэм ягурыгъэІуэныр; ныбжьыщІэхэр цІыху хэтыкІэм егъэсэныр; пэщІэдзэ классхэм щеджэ цІыкІухэм яІурыль анэдэлъхубзэр нэхъ шэрыуэ щІыныр, нэгъуэщІхэри.

ЕгъэджакІуэр школакІуэхэм щадэлажьэм къапщытэжащ адыгэ фІэхъус ехыкІэхэр, псалъэ гуапэхэр, апхуэдэуи хабзэр зымыгъэзащІэхэр щытыкІэ гугъу зэрихуэр усэхэм, псалъэжьхэм къызэрыхэощІыр къагъэлъэгъуащ.

НыбжьыщІэхэм жаІэрт цІыхухэм яку дэлъ пщІэм, нэмысым, гулъытэм куэд зэрелъытар, гуапэу сэлам къозыхым, къыпщІэупщІэм, гулъытэ къыпхуэзэщым къару къызэрыгпхилъхьэр, уэзригъэгушхуэр, гъащІэм уэзрыщигъэгуфІыкІыр, гуапагъэмрэ нэщхъыфІагъэмрэ адыгэ хабзэм лъабжьэ быдэ зэрыхуэхуэр. КъищынэмыщІауэ, дерсым щагъэлъэгъуащ «Шабзэкъур сыткІэ къэпщэхуа?» хьыбар зиІэ псалъэжьым къытращыкІа тепльэгъуэ. ИкІи ар къаззрыгурыІуар зэпкърахыжащ.

6-нэ классым щІэс щІалэхэмрэ пщащэхэмрэ а махуэм «нартхэм я хьэщІэт». ЕгъэджакІуэ-библиотекарь **Гувэжыкъуэ Жаннэ** и гъэсэныгъэм къыщагъэсэбэп иджырей Іэмалхэр утыку къихьэныр Іупщіу щагъэлъэгъуащ школым и актовэ пэшым. **Пщыухі Ритэ** а махуэм игъэлъэгъуащ школым щызэхэт «Хабзэхъумэ» гупжьеиж игъэхьэзыра «Лъэпкъ Іей щыІэкъым» дерс зэІухар.

Іуэхур къыщрихьэжьэм егъэджакІуэм къалэну зыхуигъэувыжат ди щІыналъэм ис лъэпкъхэр зэгурыІуэу псэуным нэхъ насып зэрыщымыІэр сабийхэм зыхегъэщІэныр; КъБР-м щызэздэпсэу лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр къэгъэлъэгъуэныр; а темэр литературэм къызэрыхэщыр убзыхуныр; лъэпкъыр зыгъэлъэпкъыр и бзэр, и хабзэрауэ зэрыщытыр гъэбелджылыныр; сабийхэм я бзэм, я гупсысэм зегъэужьныр, нэгъуэщІхэри.

НыбжьыщІэхэр къеджащ лъэпкъым, анэдэлъхубзэм, хэкум теухуауэ адыгэ усакІуэхэм я Іэдакъэ къыщІэкІа усэхэм, кІаІуэтащ зэмылъэпкъэгъуэхэр фІыуэ зэхущытыным, я зэхуаку пщІэ дэлъыным теухуауэ яІэ гупсысэхэр, лъэпкъыр къэпщІыхуныкІэ абы зэрихьэ хабзэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр, адыгэ хабзэм и куугъым хуэдэ зиІэ зэрымащІэр.

Къабэрдей-Балъкъэрым щызэздэпсэу лъэпкъитІым ижь-ижьыж лъандэрэ я зэхуаку дэлъ зэныбжьэгъугъэм тепсэлъыхьри, абы и щыхьэту КІыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ яку дэлъа зэкъуэшыгъэр къыхэхуэ зэхуатха письмохэм къеджащ щІалэхэр.

Хуабжьу дахэу икІи гукІэгъунэмэ, нэпсыр къригъэкІуэрэ гум щІыхьэу ныбжьыщІэхэм ягъэлъэгъуащ Щомахуэ Амырхъан и «Зэкъуэшит» Іуэтэжьым щыщ пычыгъуэм къытращыкІа тепльэгъуэр.

Адыгэм и Іущагъыр къызэхэщ тепльэгъуэт «Адэм и уэсятри». Ар зэхэзыха ныбжьыщІэм зэи щыгугъупнукъым, уеблэмэ, гъащІэ дерсу къызэрыхуэнэнум щэч хэлъкъым.

Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэмрэ хэку фІыгъэгъунытэмрэ, лъэпкъыбзэ беймрэ ди цІыху щэджащэхэмрэ - куэдым и гугъу ящІащ а махуэм. ИкІи нэрылъагъут а псом щІапІыкІ щІэблэм я нэр зэрыпыдымрэ гъащІэм гъэугу захуэ зэрыщыхашын акъыл къызэрыхьынымрэ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Прохладнэ щІыналъэ, Иналхьэблэ (Къэрэгъэш) къуажэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ЩІэныгъэлІ цІэрыІуэм и лъагапІэщІэр

● ДифІ догъэлъапІэ

Ди лъэпкъыр зэрыгушхуэ икІи зэрыпагэ адыгэ щІэныгъэлІхэм куэдрэ гулъытэ лъагэ щагъуэт къэралпсо, дунейпсо утыкухэм. Апхуэдэу, иджыблагъэ зи хъыбарыфІ зэхэтхахэм ящыщщ инженер-механик Іэзэ, физик цІэрыІуэ, техникэ щІэныгъэхэм я доктор Щоджэн Юрэ Хьэсэн и къуэр. ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием (РАН) иджыблагъэ щекІуэкІа зэхуэс иным Щоджэныр зэдзарэзыуэ щыхахащ РАН-м и член-корреспондент. Ари и щыхьэтщ адыгэ ІэщІагъэлІ щыпкъэм бгъэдэлъ щІэныгъэ куумрэ зэфІэкІ лъагэмрэ.

РАН-м и член-корреспондент Щоджэн Юрэ.

МЫ ЗЭМАНЫМ Москва щыпсэуми, Щоджэн Юрэ и адэжь щІыналъэращ щІэныгъэ лъагэм хуэзышэ ялэ лъэбакъуэр щичар. Щэджэм Езанэм къыщалъхуащ ар. Къуажэм дэт курыт школыр 1978 гъэм дыщэ медалкІэ къиухри, а гъэ дыдэм лъэпощхьэпоуншэу щІэтІысхьащ КъБКъУ-м и инженер-техникэ факультетым, зэрихабзэуи, фІы дыдэу еджащ, жылагъуэ гъащІэми жыджэру хэтащ. Лениным и цІэкІэ щыІэ стипендиер зыхуагъэфащэ еджакІуэ нэхъыфІхэм ящыщащ ар, университетым и щІэныгъэ-студент советым и пашэуи илъэс зыбжанэкІэ щытащ. А лъэхъэнэ хуоэ Щоджэным и ялэ къэхутэныгъэхэри. Тэн Іофэ Іус Ростов дэт «Ростсельмаш» завод цІэрыІуэу «Нива» комбайн лъэщхэр къыдзэригъэкІыу щытам щихьэкІащ Щоджэным и производственнэ практикэр. Езым зэрыжиІэмкІи, ар хуабжьу сэбэпышхуэ къыхэхъуащ зыхуеджэ ІэщІагъэм, бгъэдэлъ щІэныгъэм адэкІи хигъэхъуэныжьмкІэ.

Инженер-механик ІэщІагъэр иІэу КъБКъУ-р 1983 гъэм кьиухри, Щоджэн Юрэ стажёр-къэхутакІуэу лэжьэн щыщІидзащ Москва дэт гидромелиоративнэ институтым (МГМИ) электротехникэмкІэ, электрификацэмрэ автоматизацэмкІэ и кафедрэм. Куэд дэмыкІыуи а еджапІэ нэхъыщхьэм и аспирантурэми Ломоносовым и цІэр зезыхьэ МЖКъУ-м и физикэ факультетми щІэтІысхьащ. Илъэс зыбжанэкІэ иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэр и лъабжьэу, адыгэ щІалэщІэм 1989 гъэм хьэзыр ищІащ и щІэныгъэ лэжьыгъэр, ар Москва екъулІэныгъэкІэ щыпхигъэкІри, техникэ щІэныгъэхэм я кандидат хъуащ.

Къэхутэныгъэхэр егъэкІуэкІыным дихьэха щІэныгъэлІ ныбжьыщІэм лэжьыгъэм щыпищащ Мэкъумэш хозяйствэр механизацэ щІыныжьмкІэ Урысейпсо щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым. ЩІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыщІэу ІэнатІэм пэрыува Щоджэным бгъэдэлъ зэфІэкІыШхуэхэм гу лъатащ икІи куэд дэмыкІыу ар хъущ щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжь, иужькІэ институтым и лаборатораэм и унафэщІ. Ар зи пашэ ІэнатІэм щрагъэкІуэкІ къэхутэныгъэхэм мыхьэнэшхуэ яІэт мэкъумэш хозяйствэм и дежкІэ. Ахэр епхат гъавэр къэхутэныщІэу Іуэхьжа зэрыхуныжьэ жылэкэр хэсэным зэрыхуэгъэхьэзырын хуэ щыкІэхэмрэ яхэль щхьэхуэныгъэхэр гъэунэхуным. Зэман кІэщІым къриубыдэу лабораторэм ехъулІэныгъэфІхэр зыІэригъэхьащ, ахэр къэралым хэІущІыІу щыхъуащ. А лэжьыгъэ купщІафІэхэр зэрызэфІихым къыдэкІуэу, Щоджэным и щІэныгъэм нэхъри щыхигъэхъущ МЖКъУ-м ЛазерымкІэ и дунейпсо егъэджэныгъэ-щІэныгъэ центрым, «Лазер физикэмрэ технологиемрэ» ІэщІагъэри зригъэгъуэтащ.

Юрэ 2004 гъэм ІэщІагъэлІ нэхъыщхьэу ирагъэблагъащ Мэкъумэш щІэныгъэхэмкІэ урысей академием (РАСХН) МеханизацэмкІэ, электрификацэмрэ автоматизацэмкІэ и къудамэм. Ар 2006 гъэм ягъэуващ РАСХН-м и щІэныгъэ секретару. КъыкІэлъыкІуэ илъэс зыхыблым къриубыдэу Щоджэныр и пашэу щытащ ІэщІагъэлІ нэхъыщхьэу щылэжьа къудамэм и унафэщІу. Къэралым и щІэныгъэ Іэнатіэхэм я убзыхуэхэм зэхъуэкІыныгъэ игъэзэ тащ нэужь, 2013 гъэм абы дзыхь къыхуащІащ РАН-м Мэкъумэш щІэныгъэхэмкІэ и къудамэм МеханизацэмкІэ, электрификацэмрэ автоматизацэмкІэ и секцэм и лэжьыгъэр зэригъэкІуэну. Жэуапныгъэ лъагэ зыпылъ а къалэныр къызыхуэтынщэу икІи дагъуэншэу нобэр къыздэсым ещІэзащІэ адыгэ щІэныгъэлІ цІэрыІуэм.

Щоджэныр зи унафэщІ Іэнатіэм щызэфІах къэхутэныгъэхэм къарикІуа технологиехэр, техникэ Іуэху зехьэкІэщІэхэр мызэ-мытІэу щагъэунэхуащ Москва къедзэлІа щыналъэхэм щызэхэт щыкъуэш Іуэхущапіэхэм я лабораторэхэм я кандидат хъуащ.

Къэхутэныгъэхэр егъэкІуэкІыным дихьэха щІэныгъэлІ ныбжьыщІэм лэжьыгъэм щыпищащ Мэкъумэш хозяйствэр механизацэ щІыныжьмкІэ Урысейпсо щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым. ЩІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыщІэу ІэнатІэм пэрыува Щоджэным бгъэдэлъ зэфІэкІыШхуэхэм гу лъатащ икІи куэд дэмыкІыу ар хъущ щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжь, иужькІэ институтым и лаборатораэм и унафэщІ. Ар зи пашэ ІэнатІэм щрагъэкІуэкІ къэхутэныгъэхэм мыхьэнэшхуэ яІэт мэкъумэш хозяйствэм и дежкІэ. Ахэр епхат гъавэр къэхутэныщІэу Іуэхьжа зэрыхуныжьэ жылэкэр хэсэным зэрыхуэгъэхьэзырын хуэ щыкІэхэмрэ яхэль щхьэхуэныгъэхэр гъэунэхуным. Зэман кІэщІым къриубыдэу лабораторэм ехъулІэныгъэфІхэр зыІэригъэхьащ, ахэр къэралым хэІущІыІу щыхъуащ. А лэжьыгъэ купщІафІэхэр зэрызэфІихым къыдэкІуэу, Щоджэным и щІэныгъэм нэхъри щыхигъэхъущ МЖКъУ-м ЛазерымкІэ и дунейпсо егъэджэныгъэ-щІэныгъэ центрым, «Лазер физикэмрэ технологиемрэ» ІэщІагъэри зригъэгъуэтащ.

Юрэ 2004 гъэм ІэщІагъэлІ нэхъыщхьэу ирагъэблагъащ Мэкъумэш щІэныгъэхэмкІэ урысей академием (РАСХН) МеханизацэмкІэ, электрификацэмрэ автоматизацэмкІэ и къудамэм. Ар 2006 гъэм ягъэуващ РАСХН-м и щІэныгъэ секретару. КъыкІэлъыкІуэ илъэс зыхыблым къриубыдэу Щоджэныр и пашэу щытащ ІэщІагъэлІ нэхъыщхьэу щылэжьа къудамэм и унафэщІу. Къэралым и щІэныгъэ Іэнатіэхэм я убзыхуэхэм зэхъуэкІыныгъэ игъэзэ тащ нэужь, 2013 гъэм абы дзыхь къыхуащІащ РАН-м Мэкъумэш щІэныгъэхэмкІэ и къудамэм МеханизацэмкІэ, электрификацэмрэ автоматизацэмкІэ и секцэм и лэжьыгъэр зэригъэкІуэну. Жэуапныгъэ лъагэ зыпылъ а къалэныр къызыхуэтынщэу икІи дагъуэншэу нобэр къыздэсым ещІэзащІэ адыгэ щІэныгъэлІ цІэрыІуэм.

Щоджэныр зи унафэщІ Іэнатіэм щызэфІах къэхутэныгъэхэм къарикІуа технологиехэр, техникэ Іуэху зехьэкІэщІэхэр мызэ-мытІэу щагъэунэхуащ Москва къедзэлІа щыналъэхэм щызэхэт щыкъуэш Іуэхущапіэхэм я лабораторэхэм я кандидат хъуащ.

Къэралым и академикхэу Шатилов Иван, Прищепенко Леонид, Тараканов Герман, Бородин Иван, РАН-м и член-корреспондент Третьяков Николай, профессор Романовский Юрэ сымэ, нэгъуэщІ щІэныгъэлІ цІэрыІуэхэм, физик Іэзэхэм я унафэм щІэту, ахэр и гъусэу Щоджэным иригъэкІуэкІ къэхутэныгъэхэмрэ гъэунэхуныгъэхэмрэ мыхьэнэшхуэ яІэщ мэкъумэш ІэнатІэм зиужьынымкІэ. ЩІэныгъэметодикэ и лъэныкъуэкІэ зэпэщу зэфІэха хъуа а лэжьыгъэхэм къарикІуахэр мы зэманым щэщІауэ еджэным къыщагъэсэбэп Тимирязевым и цІэр зезыхьэ Урысей къэрал мэкъумэш академием, Москва къэрал университетым я студентхэми аспирантхэми. Илъэс куэд хъуауэ иригъэкІуэкІ къэхутэныгъэхэр я лъабжьэщ Щоджэным и кьалэмыпэм къыпыкІа щІэныгъэ лэжьыгъэхэм. Псори зэхэту къащтэмэ, абыхэм я бжыгъэр 200-м нъзэрохьэс. Абыхэм яхэтщ монографие щхьэхуэхэри, авторскэ свидетельствэрэ патентхэмрэ къызыпэкІуа къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэри. Щоджэн Юрэ и «Аналоговая, цифровая и силовая электроника» тхьылъращ «Агроинженерие», «Электроснабжение», «Электропривод и автоматика», «Электроэнергетика», «Теплоэнергетика и теплотехника» ІэщІагъэм, абыхэм епха нэгъуэщІхэри къэралым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм щызэзыгъэгъуэт студентхэм къагъэсэбэпыр.

ЗэфІэкІ лъагэ зыбгъэдэлъ щІэныгъэлІ щыпкъэр йолІалІэ студентхэр, аспирантхэр щІэныгъэм и гъэзэгум тришэным. Ар хэтщ РАН-м щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я лэжьыгъэхэм щыхэплъэ и эксперт советым, УФ-м ЩІэныгъэмкІэ и министерствэм Инженер, мэкъумэш щІэныгъэхэмкІэ и эксперт советым, «МеханизацэмкІэ урысейпсо институт (ВИМ)» федеральнэ щІэныгъэ мэкъумэш инженер центрым диссертацэхэр щыпхагъэкІи советым. Араш илъэс къэс зыгъэхьэзырыр икІи РАН-м езыгъэхьыр МеханизацэмкІэ, электрификацэмрэ автоматизацэмкІэ секцэр гъэ блэкІам къриубыдэу зыхунэса къэхутэныгъэхэрэ щІэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ ятеухуа отчёт иныр. КъыжьІапхъэщ абыхэм щІэныгъэ дунейм щытхъущхуэ зэрыщагъуэтыр.

Апхуэдэу Щоджэныр я щІэныгъэ унафэщІщ Къэзан къэрал мэкъумэш университетым и аспирантхэми. «Урысейм и щІэныгъэ школхэр» проектымкІэ грант кьихьри, абы иджыблагъэ ехъулІэныгъэкІэ иригъэкІуэкІащ зэлэжь унэтІыныгъэхэм япыщІа къэхутэныгъэхэр. РАН-м Мэкъумэш щІэныгъэхэмкІэ и къудамэм и бюром и унафэкІэ, Щоджэн Юрэ и нэІэм щІэту къагъэнэхуж щІэныгъэлІ цІэрыІуэхэм я цІэкІэ яту щыта дыщэ медалхэр. Апхуэдэу гъащІэ зыгъуэтыжа дамыгъэхэм я бжыгъэр 12 иригъуащ. А лэжьыгъэр зэрыкІуатэм, шэч хэмылъу, и фІыгъэ хуэд хэлъщ лъэпкъ щІэныгъэлІ пажэ Щоджэн Юрэ.

Абы ураташ РАСХН-м къыбгъэдэкІ щІыхь, фІыщІэ тхьылъхэр, къыхуагъэфэщащ «Лэжьыгъэм и ветеран» цІэ лъапІэри.

Зи зэфІэкІымрэ зи щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм я мыхьэнэмрэ ин щІэныгъэлІыр ящыщщ Тхьэшхуэр унагъуэ дахэкІэ зыхуэупсахэми. Юрэ и цІхьэгъусэ Іэсият (ар Жылэтежэ япхъущ) и Іэщ1агъэкІэ экономистщ, ар щолажьэ «МеханизацэмкІэ урысейпсо институт (ВИМ)» федеральнэ щІэныгъэ мэкъумэш инженер центрым. Зэщхьэгъусэхэм хъыджэбзитІ зэдагъуэтащ, ахэр адыгэ хабзэм и мардэхэм тету ягъасэ, гъащІэм гъэгу пэж щытращІэуэвэным хущІокъу. Хъыджэбз нэхъыжь Камиллэ курыт школыр ехъулІэныгъэкІэ кьиуха нэужь, еджэным Китайм щыпищащ, ар компьютер технологие лъагэхэм художжэ. НэхъыщІэ Сабинэ иджыри школакІуэщ, ар спортым дехьэх. Нэхъыжьхэр ирогуфІэ я бынхэм я ехъулІэныгъэхэм.

Лъэпкъ щІэныгъэлІ пажэхэм ящыщ ІэщІагъэлІ Юрэ Хьэсэн и къуэм, зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ еджагъэшхуэм, къэхутакІуэ цІэрыІуэм, дохъуэхъу узынщагъэ быдэ иІэу, насыпыфІэу иджыри куэдрэ къэралым хуэлэжьэну, адыгэ лъэпкъым и цІэр фІыкІэ игъэІуу. И зэфІэкІ лъагэм пщІэ хуащІу, РАН-м и член-корреспонденту зэрыхагъэхьар угурлы хуэхъуну, дяпэкІэ зыІэригъэхьэну лъагапІэщІэхэм ар щІэдзапІэ яхуэхъуну ди гуапэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Нейтринэ жылагъуэм амбулаторэ къыщызэІуах

● Узыншагъэ

ЦІыху 400-м щигъу щыпсэу Нейтринэ жылагъуэм Эльбрус къуажэм дэт сымаджэщым и къудамэу медицинэ Іуэхущ1апІэ къыщызэІуахащ. Къудамэщ1эм махуэрылажьэ сымаджэщ хэтщ, амбулаторэ Іуэхутхьэбзэхэм къадэкІуэу, мыбы цІыхухэм щагъэтынущ пІалъэ къызыхэкІ мыхъуну дэІэпыкъуныгъэхэри.

ЖЫЛАГЪУЭМ щыпсэухэм я дежкІэ ар мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэт, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ иужьрей илъэсищым абыхэм медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр къыщыхуащІу щытар километрихкІэ ялэжьжьэ, транспортри щІэх-щІэхыурэ здэмыкІуэ Эльбрус къуажэм дэт сымаджэщыр. 2016 гъэм Москва дэт Троицкэ сымаджэщым и къудамэ амбулаторэр, Бахъсэн нейтринэ обсерваторэм и лэжьакІуэу 250-мрэ къуажэдэхэмрэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэхэр щагъэтыр, мыпхуэ зэрахуримыкъур я щхьэусыгъуэу зэхуащІауэ щытащ. ЦІыхухэр КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм тхьэусыхэри, Іуэхум хэкІыпІэ къыхуагъэтащ.

Амбулаторэр къызэрызэІуахам псом хуэмыдэу щыгуфІыкІащ сымаджэщым и дохутыр-терапевт Захарченкэ Маринэ. Ар жылагъуэм 1988 гъэ ГъэнтІэрэ щолажьэ икІи абы щыпсэуэхэр псори фІы дыдэу еІцыху.

Къудамэщ1э къызэІуахам и лэжьыгъэм зыщагъэгъуэзэну абы щыІащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министрым и къуэдзэ Аникушинэ Татьянэ, Іуащ1хьэмахуэ район администрацэм и Іэтащхьэ Залиханов Кьанщобий, Эльбрус къуажэм дэт сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Тебердиевэ Зайнаф, ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием Ядернэ къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и Бахъсэн нейтринэ обсерваторэм и унафэщІ Кузьминов Валерий.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

Дзыгъуэ хахуэхэр

Псысэ

Хьэбла дзыгъуэр зэхэтIысхьэри зэчэнджэщыжащ:
- Дзыгъуэ быныр дыззэтоунахьуэ, абы фIэкIмэ, лъапсэкIуэдыр къытхуэкIуэнущ. Нэгей и къуэ Лъэпщагъуэ къыдэуэсащи, махуэ къэс зы дзыгъуэ тхеуд. Ди лъакъуилплIр зэтедзауэ дыщыс хъунукъым афIэкIа. Зыгъуэр дывгъащIэ, зыгъуэр къэдбгъэупсыс.
- ЛIо тщIэнур? ЗэуакIуэ дыкIуэкIэ, дыпэлъэщынукъым Нэгей и къуэ Лъэпщагъуэ, - жаIащ зыкъомым.
- Iэмал дыхуекIуэнщ, - жаIащ адрейхэм.
- Дауэ? Сыт хуэдэ Iэмал?
Я нэхъыжьым жиIащ:
- Джэдуужьым и пщэм уэзджынэ идвагъащIэ: дзыгъуащэ къыщIежьэкIэ, уэзджынэ макъыр зэхэтхынщи, хьэрэкъуакIэ дыдыхьэжынщ.
- Уэзахуэщ! - жари акъылэгъу хъуащ дзыгъуэхэр. Джэдуужьым зэрэ-тIэурэ пэщIэхуауэ зы дзыгъуэ яхэтти, и щхьэм щIэтIэхъуащ:
- Ар хъунт, ауэ дызэмыгупсыса хэлъщ мы Iуэхум.
- Сыт хэлъыр? - жаIащ дзыгъуэхэм.
- Джэдуужьым и пщэм уэзджынэр дауэ зэритщIэнур? Дзыгъуэхэр зэпIэныжащ:
- Абы дегупсысакъым.
Ди хьэтыр кьилъагъурэ, уэзджынэр и пщэм ирыдигъащIэтэмэ, игъащIэкIэ тщыгъупщэнтэкъым, - жызыIаи къаэкIащ.
Хьэбла дзыгъуэр пшапэр зэхэуэхукIэ зэхэсащ, Нэгей и къуэ Лъэпщагъуэ и пщэм уэзджынэ зэрыращIэн Iэмалыр кьахуэмыгупсыс. Пшапэр щызэхэуэм, я нэхъыжьым жиIащ:
- АтIэ, шынэхъыщIэхэ, щхьэж и гъуэ фекIуэлIэжи, ныжэбэ фыгупсысэ. Iэмал гуэр къэзыгупсыс къыфхэкIмэ, пщэдей зэхудипIалъэщи, ди анэшым я гуэн лъапэм дыщызэрихьэлIэжынщ.

Зытхыжар
КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Адыгэ таурыхъхэм хэт Къуийцыкъу. *Сурэтыр зыщIар* **Сэрэкъуий Хьэмидщ.**

● ЖыIэгъуэхэр

Хуитыныгъэми иIэщ гъунапкъэ

♦Iуэхур мыхъунумэ, щхьэусыгъуэр мэбгъуэ.
♦Бжэкъуагъыр зылъысари жьантIэмкIэ маллъэ.
♦ЖьыIэр щIагъуэу щытамэ, псори щIэхъуэпсынт.
♦Хъушэр зейм хъупIэри Iэщ Iэлъщ.
♦Хуитныгъэми иIэщ гъунапкъэ.
♦ХьэщIэр пIащIэмэ, шху гуащIэрэ пIастэ щIыIэрэ кьылъос.
♦Зэхуэмыдэныгъэм зэгурыIуэныгъэ кьишэркъым.
♦Дыгъужьым сыт щыгъуи хъушэр и нэгу щIэтщ.
♦Лэжьыгъэ къыппэщылъу зыгъэпсэху щыIэкъым.
♦Хэгъэрейм имыщIэу гур зэщIащIэжыркъым.
♦Хъудырри зэIащIэ, къыщIэмыкIми дагъэ.
♦ГушIэгъу зиIэ гупЫытэнщэкъым, Iэщ Iагъэ зиIэ хэхъуэнщэкъым.
♦ЩIыхуэ зэIэпахри, зэбий мэхъуж.

АФЭЩIАГЪУЭ Анас.

● Псалъэжьхэр

Джэду щысу шыпсэ умыIуатэ

♦Лы къыIэрымыхьам дыгъужьым и дзэр егъэш.
♦Мэкъу хьэвэм мастэ хэзыIуам нэхъей.
♦Мыщэм зыщихъумэрэ мащэм ихуащ.
♦Нахуэ жыIэнкрэ нэ ищIынрэ.
♦Адыгэм и хьэщIэ быдапIэ исщ.
♦Акъыл зимыIэм насып иIэкъым.
♦Джэду щысу шыпсэ умыIуатэ.
♦Зи Iыхьэ зыфIэмащIэм и Iыхьэ зыщ фIешх.
♦Нэхъыжьым жьэ ет, нэхъыщIэм гъэугу ет.
♦Пхуэмыфащэ щауэгъу умыщI.
♦Уи хъуэрыбзэ зымыщIэм уи гухэлъ жумыIэ.
♦Фащэм я нэхъ дахэр укIытэщ.
♦Нэгур гум и гъуджэщ.

Сыту хъуами, гъуэгуанэфIm

Гукъинэж хъыбар

Шэрий Соня и дахэгъуэу, Сотей Къанщауэ и щIалэгъуэрэ и къэфэгъуэ дахэу лъейуэ, Мухьэжыр и пшынэр зэрыльэлъэрэ лъэр щIигъэкIыу, Ало ЛутIэ и къуэ ПIотIэ и бэрэбанэр пIэнкIыу, ПащIэ Ахьмэд и макъ басыжьым Ригэ къалэшхэр къытхутэкIщ, Москваи дыкъашэжри, абыи зы тхьэмахуэ щыдгъэхьащ. Ауэ, щхьэтечу жысIэнщи, хьэщIэхэр зыужэгъуа Москварэ дызищIэщыгъуа Ригэрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакут. Ригэ ди гур къыщиуIати, дэ Москва и мащIэмкIи арэзы дыхъуащ: абыи усэри, къафэри, ефэри щыгъунэжт.

ЗэлущIэшхуэ гуэр екIуэкIыу цIыху Iув къекIуэлIат. Ди республикэм и Министрхэм я советым и тхьэмадэ Ахъуэхъу Аслъэнбийрэ Шэрджэсым я Совминым и Iэтащхьэ Къардэныри нрихьэлIат, Москва и тхакIуэхэм ящыщу хьэгъуэпIэ зэри къакIуат. Ди тхакIуэхэри утыкурыкIуэт, ди артистхэм зафыщIыжыт. Ауэ абы ди Клавэ цIыкIу щыдигъэлъэгъуа концертым хуэдэ зыми илъэгъуатэкъым. Арати, и чэзыр къэсри, пшынэ еуэну Клавэ утыкум къитIысхьащ. КьыззэрыщIэкIымкIэ, къэкIуэжмэ ар зышэну кьылъыхъуа щIалэр Ахъуэхъухэ ящыщт, Аслъэнбийм къызэрыуплъэу Клавэ укIытэри, и щхьэ тIэкIур пшынэм къуигъэпщкIуащ, арщхьэкIэ емыуэфу къыщыпIэтри ижьжащ. Ауэ артистхэм я унафэщI Хьэжбэчыр и къэкIуэ къихьауэ хьэзыру адэжкIэ къыщыпТти, «ди напэр тыбож...» жери етIуанэу утыкум къиригъэхьэжащ. АрщхьэкIэ, и пшынэр зэгуихэри, «ГъуртIэ-гъуртIэ» тIэкIу фIэкIа къыхуимыгъэкIыу, аргуэру ижьжащ. Псори дыкъэуIэбжьат. Хьэжбэчыр къыхуилъри, ещанэу Клавэ сценэм кьригъэхьэжащ, арщхьэкIэ къыщIидзэри зыри къыхуимыгъэкIыу аргуэру ижьжащ.

ХьэщIэхэр Москва щыщ тхакIуэ цIэрыIуэ къомым дахэсти, сэ къэзбгъурысыр кьыщIыззэупщIым: «Это адыгэ шуткэ къафэ...» жызоIо. Ар зыжьеIа тхакIуэр къызэфIокIуэрри, сэ жеIар гъэщIэрэщIауэ щысхэм яхуеIуэтэжри, Iэгушхуи ирегъащIауэ, Клавэри утыкум кърашэжри фIыщIэ ХуащI. Ауэ абыкIи зэфIэмыкIыу, а гъэщIагъуэным нэхъ гъэщIэгъуэныж къытехъащ. Концертыр зэриухын хуейр Къанщауэрэ Сонярэ ягъэзащIэ адыгэ къафэт, ислъэмей тращIыхьижи, Соня хъарзынэу къоофэ, ауэ Къанщауэ къытхуэмыщIыкIужу зызэфIеири утыкум итщ. Зэм зречри йолъ, итIанэ къызэфIощIэжри и ныбэм йопхъуэ. Клавэ и къыщыщIар тщIэрт, ауэ Къанщауэ и лажьэр къыдгурымыIуэу ерагъкIэ утыкум йокIыж. Насып диIэти, зыри къыдзупщIакъым, ауэ Iэгуауэшхуэ хуэIэтащ.

КъызэрыщIэкIымкIэ, - дыгъуасэ лъандэрэ Къанщауэ и кIэтIийнэфэр кьеуэзырти, нобэ къыщыхьэпауэ къимыгъафэу арат. Утыкум къикIыжри, ар заншIэу дохутырым яшащ, зэгуагъэжри и кIэтIийнэфыр ныкъуэкъауэ хъуауэ кьрахащ...

Мы гъуэгуанэр къетхьэлIэу илъэс 43-рэ и пэкIэ Налшык дыкъэсыжа нэужь стхыжауэ щытащ Клавэ и пшынэ еуэкIэри, Къанщауэ и кIэтIийнэф къафэри. Иджы фигу къэзгъэкIыжауэ аркъудейщ. Сыту хъуами, гъуэгуанэфIт.

КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд.

Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу*: 7**. Хадзэхэм щагъэкI чыцэм къыпIыкIэ пхъэщхьэмыщщхьэ шхъуантIафэ-пшэплъыфэ. **9**. «ЛъагъуныгъэрсипсэрмыС... ... джэгу, дыкъызэрыгъапцIуэу, дыздумыгъэджэгу» - Тхьэбысым Умаррэ Гъубжокъуэ Лиуанрэ яуса уэрэд цIэрыIуэм щыщщ. **10**. ГъукIэм и Iуэхущапlэ. **11**. МафIэ бзий къыдидзу, уафэм къыщоуэ. **13**. Пхъэщхьэмыщхьэ. **15**. ЩIымахуэ щыгъын. **17**. Iэчлъэч, къарууфIэ. **18**. ЕрыскъыР цIыхубэм къащемэщIкI лъэхъэнэ. **22**. ЗэбгъэунIэIумэ, хъуаскIэ къызыхих мывэ быдэ. **24**. Пщы зэрыхьэр ... мэхъу. **25**. Гум щIэщIа шы яхуемыкъым щхьэкIэ жаIэ: «... къищтащ». **29**. Гъэм и зэман. **30**. Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ �Бэкъэрдей-Балъкъэр къэрал университэтым и ректору щыта. **34**. Шым и кIэкIэ. **35**. Къуалэбзу пщэ псыгъуэ кIыхь, лъакъуэ кIыхь. **36**. Мыдрисэм кIэхэр езыгъаджэ. **39**. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта ... Къанщобий. **41**. Макъамэ Iэмэпсымэ. **44**. Хъыджэбз ... Е цIыху зэIэщIэмыль, псыгъуэ. **47**. ... здэщыIымыIэм насыпыщыIэхъым. **49**. Хъамэ, джатэ, ... **50**. ДжэдыкIэ ... **51**. Колхоз унафэщIу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь. **53**. Георгиевск къалэм и адыгэцIэр.

***КъехыI*: 1**. Хъыджэбз ныбжьыщIэ. **2**. Бдзэжьей зэрещэ. **3**. Махъсымэ щащIкIэ халъхъэ пщагъэ. **4**. Ди республикэм щыIэ псыежэх. **5**. Таурыхъхэм хэт фызыжь хьилэшы. **6**. Теунэ Хьэчим и повесть. **8**. Зи пэр хужьыфэ къуаргъ фIыцIэ. **12**. Хадэм зэрилэжьыхь. **14**. Тонн зытхух къэзышэч псэушхэ. **15**. Адыгэм къахуеблагъа хьэщIэ пIалIэм нэхъапэм ... хуэзхашэу щытащ. **16**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, ар адэжь щIэинщ. **19**. КIуэ пэтми бжьиз зымыкIу. **20**. Лъапэ зыпымыт цIыхухъу щыгъын. **21**. Акъылым уасэ иIэкъым, гъэсэныгъэм ... иIэкъым. **23**. Шыцэс къесу уэзрысым ... **26**. Данэ щэкI пIащIэ. **27**. Iэпслъэпсым щыщ. **28**. Уи щхьэ мыузым ... иумышэкI. **31**. Зи Iуэ ит нэхърэ зи ... ит. **32**. Зэпымыуэ уэс зытелъ бгы абрагъуэхэр. **33**. Пщэдейрей ныбгъуэ нэхърэ - нобэрей ... **37**. «Щихухэр иджыри ...» - Къэрмокъуэ Мухьэмэд цIэрыIуэ зэрыхъуа повесть. **38**. ... джэлам ущIэмынакIэ. **40**. ... лъакъуэ шкIэ иукIрэ? **42**. ХьэщIэ лъапIэм хуаукI Iэщым зэреджэ. **43**. Ахьн тенджызым и Iуфэм Iут къалэ-курорт. **45**. Зи нэхэр куууэ ис. **46**. ЗэрэджыIакIуэ Iэзэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист ... МуIэед. **48**. Зеикъуэ хэзыгъэ къыщалъхуа уэрэдус Iэзэ. Мы гъэм и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу. **49**. Лъагэу зэтекIуа гуэр.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Дыгъэгъазэм и 7-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкIуэкIыу*: 5**. Хъарбыз. **6**. Жанхъуэт. **7**. Гъубж. **9**. Цагъуэ. **10**. ЦIынэ. **11**. ТешанкIэ. **12**. Шыд. **14**. Дэм. **16**. Бзиижу. **18**. Къуал. **19**. ЩIыхьэху. **20**. Дэп. **22**. Гъуэжь. **29**. Дорбэ. **31**. ЖьантIэ. **32**. ГурыщIэ. **33**. Щай. **34**. Жьым. **35**. Мухьэмэд. **37**. ИкIута. **38**. Удын. **40**. Гухэ. **41**. Къамышы. **42**. Кьанокъуэ.

***КъехыI*:** 1. Къауц. **2**. Щыхьэт. **3**. ЦIэхуцIэ. **4**. Хьэхуэ. **8**. Бжьамий. **12**. Шакъэ. **13**. Даур. **14**. Духьэ. **15**. Махуэ. **16**. Блэ. **17**. ХущIэ. **20**. Дыгъу. **21**. Пыжь. **23**. Къудащ. **24**. Хьуреи. **25**. Гъуэгу. **26**. Бжьэ. **27**. Къуныжь. **28**. Лэкъым. **30**. Дыгъуэшх. **35**. Махъшэ. **36**. Дудакъ. **37**. Иран. **39**. Ныкъуэ.

● Теплъэгъуэ

ЗэшыпхъуитI

БабыщитIыр зы анэ къришауэ зэшыпхъут, зэщIыгъут фIыуэ зэрыльагъуу, зэмыгъуэсу щыплъагъу хъхъуэхэртэкъым. Апхуэдэу екIуэкIыурэ, гъатхэр къыщысым, тIыри мэкIэцIри мэгъуэлъхьэж, я Iуэху зэхэмылъыжу. Зыр нэхъ пасэу гъуэлъхьати, кьришауэ дэтт, бынхэм яхуэгумащIэу, адрейр телът, бныным хуэпIащIэу, абы щыгъуэми и шыпхъум къехъуапсэу. Мыбыи нэсат и кIыщыгъуэ, ауэ хуабэр хэмыхьыжу къыштекIырей хъуат: махуэм тIэу-щэ къыштекIырт, зигъэщыIэтыIэрти, ишхи щымыIэу, къехьэлъэкIыурэ, тегъуэлъхьэжырт. Ауэрэ, хуэмыхьыжыхэхэ хъури, и шыпхъум гъуэсэ зыхуищащ, и джэдыкIэхэр кьигъанэри. Ди анэр дапхуэдизрэ яужь имытами, хуIэкIакъым джэдыкIэр хьэфIримыгъэдзэн: щIиIуБэми зэфIэту джэдыкIэм тетт, ерыщ хъуауэ.

Иджы шырхэм ящIыгъу къудейтэкъым, атIэ зейр - и шыпхъур - къримыгъэкIуалIэу, ирихужьэрт. Анэр гуIэжырт трах и быным щхьэкIэ. Къэувыртри, къахьэпIъэу щытт, къахьихьэну зэрыхуежьэу, и шыпхъу бзаджэм ирихужьэрт. Дэ тфIэгуэныхь хъурт быныр зей бабыщыр: еIалIэу мазэм нэс тесу къриша и быныр зымейм Iэщ IигъэкIауэ, иджы тхьэмыщкIэу, и заку ъуэу дэтт. Ди анэм жэщкIэ цIыкIуэр зейм якIэщIигъэтIысхьэжырт, я анэм ящымыгъэжыну, ауэ мыдрейм кIэщIэсхэу нэху къекIырт. Нэху зэрыщу псори иришажьэрт, и шыпхъум деж кIуэIами, еджэрти хьишэжырт. Бынхэр зейр щытт, зэгуэну, абы ефи-ешхи иIэжтэкъым, анэнэIэсым ахэр гъунэгъу зэхуэхъуну Iэмал къаритырт-тэкъым.

Сыт ищIэнт, и шыпхъум гущIэгъу къыщыхуимыщIыну, псори къигъанэри, фи щхьэр зэрыхьщ жьхуиIэу, и щхьэ закъуэ-и лъакъуитIу ежьэжащ. Ауэ фIэкIуэд и бынхэр иджыри щыгъупщэртэкъым, нэщхьейуэ кьахэплъэрт, жьжьэу къуэвурэ.

Шырхэр пщыкIуэ хъуртти, кьэнар шыритIт (хэт къуаргъым ихьат, хэти лIат). А тIур ин хъуауэ, иджыри кьришэкIырт анэнэIэсым, и псэм хуэдэу илъагъуэху, ауэ я анэ дыдэм и бынитIыр илъагъу мыхъужу, ирихужьэрт, едзакъэрт. «Еплъ, - жиIэрт ди анэм игъэщIагъуэу, - быным и IэфIагъэм зэшыпхъуитIыр бий зэхуищIащ».

ШЫГЪУШЭ Алий.

● ГушыIэхэр

Къытщхьэщыту дригъэджащ

Автобусым ихьа лIым хуабжьу къыщыгуфIыкIащ ялэ тIысыпIэм деж щыс цIыхубз щIалэр. Ар лIы къыщхьэщытым еуэршэрылIэ щыхъум: «Дэнэ щыпцIыхурэ?», - жиIэри къеупщIащ абы кьыбгъэдэс цIыхубз зэхъыжьыуэр.

- АеIей, илъэситхукIэ дригъэджащ абы. Ауэ сытми сцIыху къудей. Абы нэхъыфIу слъагъу егъэджакIуэ димыIа, сыт хуэдизым дыхуиущийрэт! - къыжьэдэлъэлъырт цIыхубзым.

- АтIэ утэджу щхьэ умыгъэтIысэрэ?

- Ар емыкIу къыщыхъунукъым абы. Апхуэдэущ школми зэрыщыщытар: дэ дыщысу, езыр къытщхьэщыту дригъэджащ...

Имычэзууэ

Пщыхьэщхьэр фIыуэ хэкIуэтат, Хьэсикъ ефэкъуауэ, зебгрышэу гъуэгум тетт. Абы и хуэанэ макъым игъэщта шыдыр гъуэгурыгъуэмкIэ къыщыкIиящ.

Шыдыр хэзыдэкIийрэ зегъаззэри, Хьэсикъ жеIэ:

- Уэлэхьи, си къуэшыжь, имычэзууэ къуэтэмакъкIэщIам уэ. Сэ иджыпсту сызэхъуэнар уэрэкъым.

- Ар емыкIу къыщыхъунукъым абы. Апхуэдэущ школми зэрыщыщытар: дэ дыщысу, езыр къытщхьэщыту дригъэджащ...

● ГушыIэхэр

Имычэзууэ

Пщыхьэщхьэр фIыуэ хэкIуэтат, Хьэсикъ ефэкъуауэ, зебгрышэу гъуэгум тетт. Абы и хуэанэ макъым игъэщта шыдыр гъуэгурыгъуэмкIэ къыщыкIиящ.

Шыдыр хэзыдэкIийрэ зегъаззэри, Хьэсикъ жеIэ:

- Уэлэхьи, си къуэшыжь, имычэзууэ къуэтэмакъкIэщIам уэ. Сэ иджыпсту сызэхъуэнар уэрэкъым.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

КIэртIоф мырамысэ, крупа еудауэ

КIэртIоф укъэбзар ятхьэщIри, IупщIэурэ яупщIатэ. Шыуаным ит псы къэкъуалъэм халъхьэ, шыгъу тIэкIуи хадзэри, хьэзыр хъуху шыуанышхьэр теплъэуэ, мафIэр щабэу блэуэ ягъавэ.

Шыуанырэ пэшхьэкум къытрах, зыхэвыхха псыр къыщIагъэж, ирамыкIуту шынакъ е кIэструл гъэрым иракIэ. Езы кIэртIофыр бэлагъкIэ яуб, зыхэвыхха псыр щIакIэурэ. Ар хъудыр хуэдэу мэхъу. ИтIанэ кIэртIоф убар зэрылъ шыуаныр пэшхьэкум трагъэувэри бэлагъкIэ зэIащIэурэ крупа ирауду рэ хьэзыр хъуху дакъинхъуу-хыкIэ ягъажьэ.

Мырамысэ хуабэм дашх кхъуей, шатэ, шху, лыхэкI шхыныгъуэхэри.

Халъхьэхэр (цIыхуитI IыхьэI): кIэртIоф укъэбзаэуэ - г 500, крупауэ - г 100, зэрагъэвэн псыуэ - г 800, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Зарубэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъу Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщIэмыщI Иэз.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Iуэхущапlэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зыужьыгъэр хъуэныкъомрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэтехым - 42-75-78.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дышэкl Соня,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **ЩоджэнИннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахьуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Биц Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щыдгъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр П 5894 ●Тираж 2.056 ●Заказ №1133
12+